# KONSEPT ZAMANAGÓY TIL BILIMINIŃ KATEGORIYASI SIPATINDA

*Orazgalieva Ayjamal Marat qızı*
*– NMPI 2-kurs doktoranti*
*Ilimiy basshi – Phd, doc Usenova Gulmira Abilaevna*

'Balá konseptine tikkeley itibar qaratıwdan aldın, ilimiy ádebiyatlarda "konsept" kategoriyasınıń bir qansha túsindirmelerın kórip shıǵayıq. Kóplegen izertlewshilerdiń miynetlerinde bir neshe ret atap ótilgenindey, ilimniń rawajlanıwınıń házirgi basqıshı tilshilerden lingvistikalıq izertlewler sheńberin keńeytiwin talap etedi. Bunıń maqseti - ulıwma til teoriyasın dúziw bolıp, ol filosofiya, psixologiya, antropologiya, mádeniyattanıw, sociologiya, etnografiya hám insantanıwdıń basqa da tarawlarında jıynalǵan bay materiallardı tiykar etip aladı. Atalǵan ilim tarawlarınıń barlıǵı kognitiv ilim menen tıǵız baylanıslı. Bul ilim joqarıda keltirilgen pánlerden alınǵan maǵlıwmatlardı birlestirip, ulıwmalastırıwdı maqset etedi. "Conceptus" sózi - keyin latın tilinde, orta ásirlerge tiyisli bolıp, "concipere" feyiliniń kelbetliginen jasalǵan atlıq. Onıń mánisi "jıynaw", "tutıw", "ot alıw", "oylaw", "baslaw" degen mánilerdi ańlatadı. Klassikalıq latın tilinde "conceptus" sózi tek "suw saqlaǵısh", "jalınlanıw", "hamilelik" hám "urıq" mánilerinde qollanılǵan [2,195]. Bul sóz inglis tiline hám barlıq roman tillerine óz jasawshı feyili menen birge kirgen (francuzsha concept-concevoir, italyansha concetto-concepire, ispansha concerto-concebir, portugalsha concerto-conceber, inglizche concept-conceive). Rus tilinde bolsa, ol semantikalıq jaqtan kalkalastirilǵan - по-(н)ять - по(н)ятие» [3, 40].

Til biliminde "koncept" sózi 1980-jıllardan baslap atama sıpatında qollanıla basladı, biraq ayrıqsha jedellik penen 1990-jıllardıń basınan qollanıldı (Lixachev 1993; Kubryakova 1996; Stepanov 1997; Dobrovolskiy 1997; Lyapin 1997; Neroznak 1998; Arutyunova 1999 hám basqalar).

Koncepttiń dástúriy logikalıq talqılawın qayta kórip shıǵıw, hámmesinen burın, ótken ásirdiń aqırında baslanǵan gumanitarlıq bilimniń ilimiy paradigmasınıń ózgeriwi menen baylanıslı. Sol waqıtta húkim súrip turǵan sistemalıq-strukturalıq paradigmanıń ornına antropocentrikalıq, funkcionallıq paradigma ilimge kirip keldi. Kubryakova 1996; Stepanov, 1997; Dobrovolskiy 1997;

A.P. Babushkinniń pikirinshe, jańa atamanı jaratıwdıń zárúrligi, onıń semantikasında denotaciya hám konnotaciya, dúnya hám onı biliwshi subekt haqqındaǵı bilimler, sózdiń "jaqın" hám "uzaq" mánisleri birigiwi, sonıń ishinde kognitologiyanıń, atap aytqanda, lingvistikalıq maǵlıwmatlardı psixologiyalıq maǵlıwmatlar menen sáykeslestiriwge itibardı qaratıwshı kognitiv lingvistikanıń zárúrlikleri menen túsindiriledi [4, 12]. Neraznak 1998; Arutyunova 1999 hám basqalar).

Kognitiv lingvistikadaǵı eń áhmiyetli izertlew obyekti bolǵan koncept elege shekem birdey anıqlamaǵa iye emes. Biraq házirgi waqıtta til biliminde koncepttiń tábiyatın talqılawda shártli túrde eki kózqarastı ajıratıw múmkin:

• Birinshi kózqaras konceptti tiykarınan kognitiv jaqtan talqılawdan ibarat (A.P. Babushkin, N.N. Boldırev, E.S. Kubryakova, Z.D. Popova, I.A. Sternin hám basqalar);

• Ekinshi kózqaras konceptti mádeniyat kategoriyalarında reflekslengen túsinik dep qaraydı (N.D. Arutyunova, S.G. Vorkachev, V.I. Karasik, V.V. Krasnıx, S.X. Lyapin, D.S. Lixachev, V.A. Maslova, Yu.S. Stepanov hám basqalar).

Birinshi kózqaras wákilleriniń pikirinshe, hár bir til belgili bir koncept sistemasına ekvivalent, sol arqalı til iyeleri qorshaǵan dúnyadan kelip shıǵatuǵın maǵlıwmatlar aǵımın qabıl etedi, strukturalastıradı, klassifikaciyalaydı hám talqılaydı.

Konceptlerdiń pikirlewdegi tiykarg'ı roli - uqsas qásiyetlerge iye obyektlerdi sáykes klasslarda toparlastırıwǵa múmkinshilik beretuǵın kategoriyalastırıw.

Koncept adam basında bilimlerdi kórsetiw formalarınıń biri sıpatında, sanamızdıń mental yamasa psixikalıq resurslardıń birligi, dúnya haqqındaǵı bilim birligi, adamnıń yadında saqlanatuǵın kodlanǵan informaciya paketi sıpatında lingvistikada hár qıylı kóz-qaraslardan qaraladı.

S.A. Askoldov - konceptti izertlegen birinshi watanlıq ilimpaz - onı "sanadaǵı 'bir nárseniń' kózge túsiwi qıyın bolǵan hápzamatlıq jiltildewi, quramalı pikirler konkretliginiń búrtikleri" dep táriyipledi [5, 267].

Ol koncepttiń tiykarǵı funkciyası pikirlew procesinde predmetler haqqındaǵı túrli kórinislerdiń ornın basıw dep esapladı.

"Kognitiv terminlerdiń qısqasha sózliginde bul atama "yad, mental leksikon, konceptual sistema hám miy tiliniń operativ mazmunlı birligi" dep túsindiriledi. Til hám adam sanası menen biliminiń (tájiriybesiniń) óz-ara tásiri ulıwma kognitiv mexanizm sıpatında kognitiv talqılawdıń orayında turadı.

Tildiń materiallıq formalarında adam tárepinen qorshaǵan ortalıq haqqında toplanǵan barlıq maǵlıwmat kórinedi. Atap ótiliwi kerek, tábiyiy til insanǵa sóz formalarınıń semantikasında sáwlelengen pikirler menen operaciya jasaw dárejesine ótiwin támiyinleydi, biraq pikirdi payda etiw funkciyasına iye emes.

Til pikir (oylar) almasıw hám olardı qarım-qatnas barsında talqılaw ushın zárúr dep esaplanadı. Pikirler adam sana-sezimine tán bolıp, qarım-qatnas ushın olardı til quralları menen ańlatıw, ataw (verbalizaciyalaw) kerek.

Tilde pikir ayırım sózler hám sóz dizbekleri, frazeologiyalıq birlikler, gápler hám tolıq tekstler arqalı verbalizaciyalanadı. Pikirdiń verbalizaciyası onıń konkret yamasa abstrakt ekenligine baylanıslı. Konkret pikirdi bildiriw ushın usı obrazdı aktivlestiretuǵın ayırım sózdiń mánisi jetkilikli (mısalı, aspan). Biraq ańlatılatuǵın mániler quramalasqan sayın qosımsha pikirlerdi (bilimlerdi) aktivlestiriw hám tolıq sóz dizbekleri menen gáplerdi qollanıw kerek boladı (mısalı, kók aspan). Abstrakt pikirlerdi ilimiy yamasa sózlik anıqlamalar, tekst mısalları járdeminde keńnen súwretlew kerek. Bizler bir pikirdiń kóbinese hár túrli til quralları: sóz, sóz dizbegi h.t.b. arqalı verbalizaciyalanatuǵının aniqladiq. Ayırım pikirler tek ǵana tolıq tekst, al geyde bir yamasa bir neshe avtordıń bir neshe shıǵarması arqalı tolıq beriledi. Bunda pikirdiń konkret sóylew jaǵdayında verbalizaciyalanıwın dál boljaw múmkin emes, sebebi verbal qabıqtı tańlaw sóylewshiniń jeke mánisi, baylanısqan mentallıq kórsetpesi hám ishki leksikonına tiykarlanadı. Usıǵan baylanıslı pikirlerdiń milliy baǵdarı (tiyisliligi yamasa boyanǵanlıǵı) yamasa olardıń "ulıwma adamzatlıq" mánisi tereńirek hám izbe-iz islep shıǵıwdı talap etedi.

**ÁDEBIYATLAR:**


Usenova. G. A. «MOTHER/ANA» koncepti identifikatorlarınıń lingvomádeniy ózgeshelikleri (Inglis hám Qaraqalpaq tilleri mısalında). Diss. … PhD. Usenova. G. A. – Nókis, 2021

Дворецкий, И.Х. Латинско-русский словарь. Около 50 000 слов. Издание второе, переработанное и дополненное. М.: Издательство «Русский язык», 1976. - 1096 с.

Степанов, Ю.С. Константы: Словарь русской культуры. Опыт исследования [Текст] / Ю.С. Степанов. - М.: Школа «Языки русской культуры», 1997. - 824 с.

Бабушкин, А.П. Типы концептов в лексико-фразеологической семантике языка [Текст] / А.П. Бабушкин. - Воронеж: Изд-во Воронежского госуниверситета, 1996. - 102 с.

Аскольдов, С.А. Концепт и слово [Текст] / С.А. Аскольдов // Русская словесность: Антология / Под. ред. проф. В.П. Нерознака. - М.: Academia, 1997.

Фрумкина, Р.М. Константы культура - продолжение темы [Текст] / Р.М. Фрумкина // Язык и культура: Факты и ценности: К 70-летию Юрия Сергеевича Степанова. - М.: Языки славянской культуры, 2001. -С. 161-177.

Нерознак, В.П. От концепта к слову: к проблеме филологического концептуализма [Текст] / В.П. Нерознак // Вопросы филологии и методики преподавания иностранных языков. - Омск: Изд-во Омск, гос.пед.ун-та, 1998. - С. 80-85.

Жалгасов Н. М. СИНТАКСИЧЕСКИЕ ОСОБЕННОСТИ И СТРУКТУРНАЯ ОРГАНИЗАЦИЯ ПРОВЕРБИАЛЬНЫХ ОБРАЗОВАНИЙ О ЧЕЛОВЕКЕ //IX Лазаревские чтения" Лики традиционной культуры в современном культурном пространстве: память культуры и культура памяти". – 2020. – С. 360-361.

Turaeva, S. M., Djuraeva, M. B., Ernazarova, M. N., & Jabborova, E. R. (2022). The Role of Instructive and Psychological Principles in Foreign Pedagogy. *Journal Of Positive School Psychology*, 9478-9486.

Turaeva, S. (2021). Cognitive factors in language learning: transfer, interference, overgeneralization. *Журнал иностранных языков и лингвистики*, *4*(9).

Mukhtorovna, T. S. (2023). Uzbekistan Plans to Promote Social Work for the Welfare of Vulnerable Children and Families.

Turaeva, Shoira Muxtarovna. (2022). LANGUAGE, LEARNING AND TEACHING. *Development and innovations in science*, 1-4.

Turaeva, Shoira Muxtorovna. (2022). IMPORTANCE OF DIDACTIC AND PSYCHOLOGICAL PRINCIPLES IN TEACHING FOREIGN LANGUAGE TEACHING IN TEXTBOOK. *Mental Enlightenment Scientific-Methodological Journal*, 343-352.

Turaeva, DI. (2021). SCIENTIFIC AND THEORETICAL FOUNATIONS OF THE LINGVOKOGNITIVE APPROACH IN TEACHING THE NATIVE LANGUAGE OF PRIMARY SCHOOL. International Journal of World Languages.

Mukhtorovna, Turaeva Shoira; Munira, Mamatqulova. (2021). *POLISH SCIENCE JOURNAL*, 354.

Mukhtorovna, T. S. (2021). Hakimova Muhoyyo Mukhtor qizi, Mamatqulova Munira Uzbekistan Plans to Promote Social Work for the Welfare of Vulnerable Children and Families. *Pindus Journal of Culture, Literature, and ELT (PJCLE), 10*.

Mukhtorovna, T. S. Anthropopragmatic study of phraseological units in uzbek and english languages. *Mental Enlightenment Scientific-Methodological*, *2022*(6).

Тураева, Ш. (2025). SOME THEORETICAL ISSUES IN THE COMMUNICATIVE LINGUISTICS OF THE ENGLISH LANGUAGE. *Международный мультидисциплинарный журнал исследований и разработок*, *1*(2), 62-66.

Тураева, Ш. (2025). SOME THEORETICAL ISSUES IN THE COMMUNICATIVE LINGUISTICS OF THE ENGLISH LANGUAGE. *Международный мультидисциплинарный журнал исследований и разработок*, *1*(2), 62-66.